

Ede yon moun economize apeprè \$4,000 sou depans Medikaman ak preskripsyon

2012



Kijan mwen kapab ede yon moun peye depans medikaman ak preskripsyon yo?

Kounye a, ou kapab ede yon moun ou renmen aplike pou Asistans Siplemanntè pou peye depans plan medikaman ak preskripsyon Medicare yo. Nenpòt kimoun ki gen Medicare kapab benefisyè asistans pou medikaman ak preskripsyon Medicare la. Sèten moun ki gen resous ak revni ki limite ka kapab jwenn Asistans Siplemanntè tou pou ede yo peye pou depans yo – prim mansyèl, franchiz anyèl ak ko-peman preskripsyon yo – ki gen pou wè ak yon plan medikaman ak preskripsyon Medicare. Yo estime Asistans Siplemanntè vo apeprè \$4,000 pa ane. Anpil moun ki kalifye pou kokennchenn ekonomi sa yo pa menm konn sa. Pou chèche konnen si yon moun elijib, Sekirite sosyal ap bezwen konnen montan ekonomi yo, investisman, byen imobilye (anplis de kay yo) ak revni yo. Si yo marye epi yo rete nan menm kay ak konjwen yo, n ap bezwen enfòmasyon sa a pou yo toulède.

Pou kalifye pou Asistans Siplemanntè, yo dwe:

- Abite nan youn nan 50 Eta yo oswa nan Distri Columbia;
- Yo dwe gen resous ki pa depase \$13,070 pou yon sèl moun oswa \$26,120 pou de moun marye ki rete nan menm kay la. Pami resous yo, gen bagay tankou kont labank, aksyon ak obligasyon. Nou **pa** konte kay, machin ak kèlkeswa kontra asirans-vi kòm resous; **epi**
- Yo dwe gen revni ki pa depase \$16,755 pou yon sèl moun oswa \$22,695 pou de moun marye ki rete nan menm kay la. Menmsi revni anyèl ou pi wo, ou ka jwenn asistans kanmenm. Pami egzanp ki genyen kote revni w ka pi wo, se si oumenm oswa konjwen ou:
 - Sipòte lòt manm nan fanmi an ki rete nan menm kay avèk ou;
 - Gen revni ou touche poutèt travay ou; oswa
 - Ou rete nan Alaska oswa Awayi.

Kijan mwen kapab ede yo aplike?

Li fasil pou aplike pou Asistans Siplemanntè. Annik ede yo ranpli *Aplikasyon pou Asistans Siplemanntè pou depans Plan Medikaman ak Preskripsyon Medicare Sekirite sosyal la* (Fòm SSA-1020). Ou kapab ede yo:

- Aplike sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov/extrahelp;
- Rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**) pou aplike nan telefòn oswa pou mande yon aplikasyon; oubyen
- Aplike nan biwo Sekirite sosyal ki pi pre w lan.

Kisa mwen bezwen konnen?

Pou ede benefisyè Medicare yo aplike pou Asistans Siplemanntè, men yon fèy travay sou paj opoze a. Fèy travay la **pa** yon aplikasyon, men si w ekri enfòmasyon an li mande w, l ap pi fasil pou w ranpli aplikasyon pou Asistans Siplemanntè a.

Mande moun w ap ede a pou li:

- Idantifye bagay ou genyen yo, bagay ki pou w ak pou konjwen ou oswa pou w ak pou yon lòt moun. Yo **pa ta dwe** liste kay yo, machin (yo), kavo, kontra asirans-vi oswa byen pèsònèl yo genyen.
- Analize tout revni ou genyen.
- Rasanble dokiman ou yo davans pou kapab ale pi vit.

Ki dokiman kapab ede yo pare davans?

- Etadkont ki montre balans kont ou nan labank, kès popilè oswa lòt enstitiyon finansye;
- Etadkont investisman;
- Sètifika obligasyon;
- Deklarasyon enpo;
- Lèt ki ba w pansyon; ak
- Bout chèk salè.

Èske ajans Eta a kapab ede yo peye depans Medicare yo?

Lè benefisyè aplike pou Asistans Siplemanntè, yo kapab kòmanse pwosesis aplikasyon an anmenmtan pou pwogram Ekonomi Medicare yo – pwogram Eta a òganize ki founi asistans ak lòt depans Medicare. Sekirite sosyal pral voye Eta w enfòmasyon, eksepte si w di nou pa fè l sou aplikasyon pou Asistans Siplemanntè a. Eta ou ap kontakte ou pou ede ou aplike pou yon Pwogram Ekonomi Medicare.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou benefisyè Asistans Siplemanntè pou peye depans plan medikaman ak preskripsyon Medicare ou an, al gade nan www.socialsecurity.gov/extrahelp oswa rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**). Reprezantan Sekirite sosyal disponib pou ede w ranpli aplikasyon ou an. Aplike touswit pou kapab jwenn benefis yo pi vit.

Si w bezwen enfòmasyon konsènan Pwogram Ekonomi Medicare yo, plan medikaman ak preskripsyon Medicare yo, sou fason pou enskri nan yon plan oubyen pou mande

(lòt bò a)

yon kopi tiliv la ki rele *Medicare & You*, tanpri al gade nan www.medicare.gov oswa rele nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**; Malantandan **1-877-486-2048**). Pwogram Sante Eta a pou Konsiltasyon ak Asistans (State Health Insurance Counseling and Assistance Program SHIP) kapab

reponn tout kesyon ou genyen konsènan Medicare. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte SHIP ki pi pre w lan nan do tiliv Medicare yo, sou Entènèt nan www.medicare.gov anba « Asistans ak Sipò », oubyen ou kapab mande pou voye w li lè w rele nan biwo a.

Nou bezwen gen enfòmasyon sou resous ak revni w (ak pa konjwen w, si w marye epi nou rete nan menm kay la avèk li):

Resous	Valè
Kont labank, tankou kont kouran, ekonomi ak sètifika depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, ekonomi, fon mityèl, kont endividyèl pou retrèt (IRA) oswa lòt investisman	\$ _____
Lajan kach ki lakay ou oswa nenpòt ki lòt kote	\$ _____
Nenpòt ki byen imobilye ki pa kay yo	\$ _____

Revni	Montan mansyèl
Benefis Sekirite sosyal	\$ _____
Benefis Retrèt Chemennfè	\$ _____
Benefis Ansyen Militè	\$ _____
Lòt pansyon ak anwite	\$ _____
Pansyon alimantè	\$ _____
Revni lokasyon nèt	\$ _____
Konpansasyon pou travayè	\$ _____
Lòt revni (pa egzanp, peman prive oswa Eta a bay pou andikap)	\$ _____

Revni	Montan mansyèl
Salè	\$ _____
Revni nèt travayè endepandan	\$ _____